

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh nganalisis ajén éstétika anu nyangkaruk dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana, ditilik tina unsur éstétisna (aturan pupuh, gaya basa, unsur eusi, pedotan), kalayan ngagunakeun metode déskriptif analitis sarta téhnik nu digunakeunna studi pustaka. Dina ngalisis aturan pupuh, digunakeun tiori Tamsyah, unsur eusi rumpaka ngagunakeun tiori Richard, unsur basa ti Sudaryat, tiori pedotan ti Dian Hendrayana, sarta analisis éstétis nyoko kana tiori Horatius. Tina 33 judul guguritan nu aya dina “*Lagu Ngajadi*” téh anu ditalungtikna mah ngan 12 judul, lantaran loba rumpaka guguritan anu wangun jeung eusina téh sarua.

Basa dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* téh lolobana ngagunakeun basa Sunda nu ilahar diucapkeun dina paguneman sapopoé. Salian ti éta, ogé aya basa anu teu ilahar; ngareumpak aturan katatabasaan jeung jarang dipaké dina paguneman sapopoé masarakat Sunda jaman kiwari. Umumna mah, rumpaka guguritan dina *Lagu Ngajadi* téh ngagunakeun gaya basa mijalma jeung ngupamakeun. Gaya basa téh nuduhkeun kasaimongan *bakat* jeung kaparigelan pangarang dina ngolah basa sangkan bisa numuwuhkeun ajén éstétis (*decorum, nature, jeung ingenium*). Sanggeus dianalisis kalayan gemet, témbong yén Dian Hendrayana téh parigel pisan dina ngarakit basa anu éndah, sanajan kauger ku patokan pupuh.

Nilik kana unsur eusina, guguritan dina *Lagu Ngajadi* téh témana ngeunaan silih asih (cinta), nu mana lolobana mah cinta ka papada manusia, najan aya ogé cinta manusia ka Pangéran. Salian ti éta, aya unsur pangwangun eusi séjénna anu nambahán kualitas ajén éstétis éta rumpaka-rumpaka guguritan, nyaéta purwakanti jeung pedotan. Rumpaka-rumpaka guguritan dina *Lagu Ngajadi* téh beunghar pisan ku purwakanti, matak kekecapanana karasa éndah nalika dibaca téh; ngagalindeng. Panglobana nu dipaké mah purwakanti maduswara jeung laraswekas. Kekecapan anu murwakanti téh henteu ngan saukur genah dibacana, tapi ogé bakal merenah nalika ditembangkeun ku cara ngalarapkeun pola pedotan

anu merenah ogé. Pola pedotan dina ungkara-ungkara rumpaka guguritan *Lagu Ngajadi* téh lolobana 2-2-2-2 jeung 3-2-3 (tiori Hendrayana).

Dumasar kana ukuran ajén éstétis: *harmoni, nature & ingenium*, jeung fungsi sastra, unsur eusi rumpaka guguritan nu aya dina *Lagu Ngajadi* téh geus nyumponan éta tilu sarat. Ma'na nu éndah saluyu jeung ciri has eusina. Salian ti éta, kaéndahanana karasa tina gumulungna unggal unsur pangwangun eusi (téma, rasa, nada, amanat, purwakanti, jeung pedotan). Ma'na anu éndah téh bakal karasa leuwih éndah ku cara genah ditembangkeun (dampak tina pola pedotan anu merenah). Katambah deui, ma'na nu éndah tina rumpaka guguritan dina *Lagu Ngajadi* téh bisa dimangpaatkeun dina kahirupan sapopoé.

Ajén éstétis anu nyangkaruk dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* téh bisa dilarapkeun kana pangajaran guguritan di SMA kelas X, sabab saluyu jeung kurikulum 2013 (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar). Sanggeus dipatalikeun jeung kritéria bahan ajar nu hadé, hasil ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan ajar dina éta pangajaran.

5.2 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan téh loba hal-hal penting anu bisa dimangpaatkeun, najan di sagédéngéun éta réa kakurangan panalungtik. Ku kituna, panalungtik ngajukeun rékoméndasi keur sababaraha pihak, nyaéta pikeun guru basa Sunda, panalungtik, pamaréntah, jeung masarakat umum.

- I. Guru basa Sunda dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil ieu panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar dina pangajaran guguritan, sabab kaasup kritéria nu hadé.
- II. Panalungtik diperedih nalungtik guguritan kalayan leuwih teleb tur mundel ambahanana, anu ditilik tina aspék séjén, leuwih hadé deui dipatalikeun jeung widang atikan. Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan satulunya.
- III. Pamaréntah disarankeun leuwih merhatikeun deui kalungguhan guguritan dina widang atikan. Hususna, rumpaka guguritan nu aya dina *Lagu Ngajadi* téh bisa dijadikeun pangdeudeul dina pangajaran tembang, sabab miboga ajén éstétis.

- IV. Masarakat dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan minangka bahan aprésiasi sastra.